



Pou Piblikasyon Imedya: 25/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU PWOGRÈ ETA A FÈ NAN KONBAT COVID-19

***Gouvènè a ankouraje Nouyòkè yo pou kontinye itilize zouti yo pou pwoteje ak trete kont COVID-19 la: Vaksen, dòz rapèl, tè s ak tretman***

***Yo te rapòte 24 lanmò nan tout eta a nan 23 novanm***

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te bay Nouyòkè yo mizajou sou pwogrè eta a nan konbat COVID-19.

"Ak sezon fèt la ki an plèn esò kounye a, mwen ankouraje Nouyòkè yo pou pwofite tout zouti ki disponib pou kenbe tèt yo, pwòch yo ak kominote yo an sekirite ak an sante", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Rete ajou nan dòz vaksen yo, epi fè tè s anvan rasanbleman oswa vwayaj. Si ou teste pozitif, pale ak doktè ou konsènan opsyon tretman posib yo".

Semèn sa a, Gouvènè Hochul [te ankouraje](#) Nouyòkè yo pou yo pran mezi prevansyon komen - tankou rete ajou sou vaksen yo ak pratike bon ijyèn - pou pwoteje kont Viris Respiratwa Sensityal (Respiratory Syncytial Virus, RSV), grip ak COVID-19 epi redwi fado pasyan yo sou lopital lokal yo. Grip la ap pwopaje byen vit, kote kantite [ka ki konfime nan laboratwa yo nan tout eta a](#) te prèske triple pandan twa semèn ki sot pase yo, alòske moun ki entènè lopital yo plis pase double.

Nan kòmansman mwa sa a, Gouvènè Hochul te lanse yon [kanpay sansibilizasyon piblik](#), kote Komisè Sante Eta New York la, Doktè Mary T. Bassett, t ap pale dirèkteman ak Nouyòkè yo sou twa viris - RSV, grip ak COVID-19 - kounye a ap sikile nan eta a ak sentòm similè e ak potansyèl pou lakòz maladi grav. Pwodui pa Depatman Sante Eta New York, videyo yo gen ladan yon [klip kout](#) ak yon [vèsyon ki pi long](#) ki destine vè paran yo; ak yon vèsyon ki vize espesyalman pou [founisè swen sante yo](#).

Gouvènè Hochul kontinye raple Nouyòkè yo ke timoun ki gen laj 5 ane oswa plis ka kounye a resevwa [vaksen dòz rapèl bivalan](#) ke yo rekòmande pou ogmante pwoteksyon kont COVID-19.

Gouvènè a kontinye ankouraje Nouyòkè yo tou pou yo pran dòz rapèl bivalan kont COVID-19 pa yo. Pou pran yon randevou pou yon dòz rapèl, Nouyòkè yo ta dwe kontakte famasi lokal yo, depatman sante konte lokal yo, oswa founisè swen sante yo; vizite [vaccines.gov](https://www.vaccines.gov); tekste kòd postal yo bay 438829 oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn lokal ki toupre yo.

Anplis de sa, Gouvènè Hochul ap ankouraje Nouyòkè yo pou yo pran vaksen kont grip anyèl pa yo pandan [sezon grip la deja pwopaje](#) nan tout Eta New York. Viris grip la ak viris ki lakòz COVID-19 la ap pwopaje ansanm, kidonk pran vaksen kont tou de se pi bon fason pou rete an sante epi pou evite plis estrès nan sistèm swen sante a.

Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta a ap kontinye [kanpay edikasyon piblik anyèl](#) li, ki raple granmoun ak paran yo pou yo pran vaksen kont alafwa grip ak COVID-19 pou tèt yo ak timoun ki gen 6 mwa ak plis. Piblisite nan lang angle ak espanyòl yo te kòmanse difize nan mwa sa a.

Pou enfòmasyon sou klinik vaksen kont grip la, [kontakte depatman sante lokal la](#) oswa vizite [vaccines.gov/find-vaccines/](https://www.vaccines.gov/find-vaccines/).

Enfòmasyon jodi a rezime an brèf anba la a:

- **Kantite ka pou Chak 100 Mil Moun - 20.12**
- **Kantite ka pou Chak 100 Mil Moun an Mwayèn sou 7 Jou - 19.23**
- **Rezilta Tès yo te Rapòte yo - 51,775**
- **Total Pozitif - 3,931**
- **Pousantaj Pozitif - 7.25%\*\***
- **Pousantaj Pozitif an Mwayèn sou 7 Jou - 6.30%\*\***
- **Kantite Pasyan Ki Entène Lopital - 2,823 (-59)\***
- **Kantite Pasyan ki Fèk Entène - 437\***
- **Pasyan nan Inite Swen Entansif (ICU) - 273 (-8)\***
- **Pasyan nan Inite Swen Entansif (ICU) avèk Entibasyon - 89 (-7)\***
- **Kantite Moun Total Yo Bay Egzeyat - 365,309 (+457)\***
- **Nouvo ka lanmò etablisman swen sante yo rapòte atravè HERDS - 24\***
- **Etablisman swen sante yo rapòte total lanmò yo atravè HERDS- 59,334\***

\*\* Akòz chanjman nan règleman sou rapò tès la Depatman Sante ak Sèvis Sosyal federal la fè ak plizyè lòt faktè, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitivite.

Sistèm Done Repons Elektwonik sou Sante a (Health Electronic Response Data System, HERDS), se yon sous done DOH Eta NY ki kolekte done sou lanmò pa jou ki konfime nan lopital, mezon retrèt ak etablisman swen adilt yo rapòte yo sèlman.

**Nòt Enpòtan:** Anvigè apati lendi 4 avril, Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (HHS) federal la p ap egzije ankò enstalasyon tès ki itilize tès antijèn rapid COVID-19 pou

rapòte rezilta negatif yo. Pa konsekan, mezi pousantaj pozitif Eta New York la pral kalkile nan itilize sèlman rezilta PCR ke yo rapòte nan laboratwa. Tès antijèn pozitif yo pral toujou rapòte bay Eta New York epi rapòte nouvo ka chak jou ak ka pou chak 100 mil pral kontinye gen ladan tès PCR ak antijèn yo. Akòz chanjman sa ak lòt faktè, sa gen ladan chanjman nan pratik tès yo, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitivite.

**1. Kantite lanmò total CDC rapòte ak konpile - 75,689**

Done pwovizwa sou sètifika lanmò COVID-19 pa jou ke DOH Eta NY ak Vil NY rapòte bay CDC a enkli moun ki mouri nan nenpòt kote ki enkli lopital, mezon retrèt, etablisman swen sante, lakay yo, nan ospis ak lòt etablisman yo.

- **Total dòz vaksen yo administre - 42,772,386**
- **Total dòz vaksen yo administre pandan 24 èdtan ki sot pase yo - 18,052**
- **Total dòz vaksen yo administre pandan 7 jou ki sot pase yo - 2,368,329**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran tout seri vaksen yo - 85.2%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran tout seri vaksen yo (CDC) - 89.8%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki ajou - 11.9%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 12-17 ane ki pran tout seri vaksen yo - 74.2%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 12-17 ane ki pran tout seri vaksen yo (CDC) - 75.7%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 12-17 ane ki ajou - 4.0%**
- **Pousantaj tout Nouyòkè ki pran tout seri vaksen yo - 76.1%**
- **Pousantaj tout Nouyòkè ki pran tout seri vaksen yo (CDC) - 79.9%**
- **Pousantaj tout Nouyòkè ki ajou - 10.2%**

Kantite ka mwayen pa popilasyon 100 mil moun sou 7 jou pou chak rejyon se konsa:

<b>Rejyon</b>	<b>Madi 22 novanm 2022</b>	<b>Mèkredi 23 novanm 2022</b>	<b>Jedi 24 novanm 2022</b>
Capital Region	8.72	8.78	9.18
Central New York	7.63	7.72	7.65
Finger Lakes	9.38	9.05	8.84
Long Island	23.77	25.79	25.50
Mid-Hudson	17.71	18.08	18.53
Mohawk Valley	8.89	7.95	7.74
New York City	24.32	25.33	25.17

North Country	7.47	7.43	6.99
Southern Tier	11.83	11.60	11.64
Western New York	6.59	6.22	6.10
<b>Nan tout Eta a</b>	<b>18.61</b>	<b>19.30</b>	<b>19.23</b>

Pousantaj rezilta tèz pozitif an mwayèn sou 7 jou nan chak rejyon ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa\*\*:

<b>Rejyon</b>	<b>Madi 22 novanm 2022</b>	<b>Mèkredi 23 novanm 2022</b>	<b>Jedi 24 novanm 2022</b>
Capital Region	4.73%	4.84%	5.21%
Central New York	3.81%	3.88%	3.96%
Finger Lakes	4.17%	4.21%	4.19%
Long Island	6.30%	6.66%	6.92%
Mid-Hudson	6.08%	6.14%	6.39%
Mohawk Valley	4.29%	4.07%	4.18%
New York City	6.44%	6.52%	6.76%
North Country	4.52%	4.64%	4.58%
Southern Tier	5.20%	5.20%	5.30%
Western New York	5.12%	5.34%	5.54%
<b>Nan tout Eta a</b>	<b>5.95%</b>	<b>6.09%</b>	<b>6.30%</b>

\*\* Akòz chanjman nan règleman sou rapò tèz la Depatman Sante ak Sèvis Sosyal federal la fè ak plizyè lòt faktè, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitivite.

Pousantaj rezilta tèz pozitif pou yon mwayèn 7 jou nan chak minisipalite Vil New York yo ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa \*\*:

<b>Minisipalite nan NYC</b>	<b>Madi 22 novanm 2022</b>	<b>Mèkredi 23 novanm 2022</b>	<b>Jedi 24 novanm 2022</b>
Bronx	7.11%	7.03%	7.15%
Kings	5.91%	5.92%	6.21%
New York	6.32%	6.40%	6.56%
Queens	7.10%	7.36%	7.60%
Richmond	5.17%	5.35%	5.79%

\*\* Akòz chanjman nan règleman sou rapò tèl la Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (HHS) federal la fè ak plizyè lòt faktè, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitifite.

Yè, te gen 3,931 Nouyokè ki te teste pozitif pou COVID-19 la nan Eta New York, sa ki fè kantite total la vin 6,260,003. Yon repatisyon jewografik prezante konsa:

<b>Konte</b>	<b>Total Pozitif</b>	<b>Nouvo Pozitif</b>
Albany	75,516	31
Allegany	10,407	6
Broome	56,281	19
Cattaraugus	18,655	3
Cayuga	19,648	5
Chautauqua	28,401	3
Chemung	25,784	20
Chenango	11,401	9
Clinton	21,514	9
Columbia	13,116	2
Cortland	12,841	2
Delaware	9,694	2
Dutchess	79,981	62
Erie	259,227	80
Essex	7,341	2
Franklin	11,674	10
Fulton	15,948	6
Genesee	16,046	2
Greene	10,422	3
Hamilton	1,055	1
Herkimer	16,867	6
Jefferson	25,668	6
Lewis	7,072	-
Livingston	13,884	4
Madison	16,246	3
Monroe	184,474	56
Montgomery	14,498	4
Nassau	516,396	386
Niagara	57,623	25
NYC	2,913,843	2,196
Oneida	66,501	18
Onondaga	137,810	34
Ontario	25,020	9
Orange	131,285	74
Orleans	10,155	5

Oswego	33,251	7
Otsego	12,737	4
Putnam	29,754	30
Rensselaer	40,167	21
Rockland	112,332	72
Saratoga	59,063	14
Schenectady	41,920	15
Schoharie	6,318	1
Schuyler	4,213	2
Seneca	7,340	2
St. Lawrence	25,526	8
Steuben	24,431	17
Suffolk	533,385	315
Sullivan	23,242	19
Tioga	13,529	4
Tompkins	25,525	10
Ulster	40,795	25
Warren	18,033	12
Washington	15,073	18
Wayne	21,025	10
Westchester	316,078	220
Wyoming	9,685	1
Yates	4,287	1

Anba a gen done ki montre konbyen moun ki entène ki te teste pozitif pou COVID-19 ke yo te admèt pou COVID-19/konplikasyon COVID-19 ak konbyen ke yo te admèt pou kondisyon ki pa COVID-19:

Rejyon	Pasyan COVID-19 yo aktyèlman entène	Admisyon akòz COVID oswa konplikasyon COVID	Pousantaj (%) admisyon akòz COVID oswa konplikasyon COVID	Admèt kote COVID pa enkli kòm youn nan rezon pou admisyon	Pousantaj (%) yo admèt kote COVID pa enkli kòm youn nan rezon pou admisyon
Capital Region	113	71	62.8%	42	37.2%
Central New York	72	31	43.1%	41	56.9%
Finger Lakes	262	75	28.6%	187	71.4%
Long Island	505	226	44.8%	279	55.2%

Mid-Hudson	272	114	41.9%	158	58.1%
Mohawk Valley	24	12	50.0%	12	50.0%
New York City	1,329	532	40.0%	797	60.0%
North Country	42	25	59.5%	17	40.5%
Southern Tier	70	25	35.7%	45	64.3%
Western New York	134	41	30.6%	93	69.4%
<b>Nan tout Eta a</b>	<b>2,823</b>	<b>1,152</b>	<b>40.8%</b>	<b>1,671</b>	<b>59.2%</b>

Kounye a, varyant Omikwon an reprezante plis pase 95% viris ki an sikilasyon. Pou jwenn plis enfòmasyon sou trasaj varyant lan, tanpri vizite isit la: [Done Varyant COVID-19 | Depatman Sante \(ny.gov\)](https://www.ny.gov/newsroom/done-varyant-covid-19).

Nan vandredi 23 novanm, te gen 24 nouvo lanmò total yo te rapòte akòz COVID-19, sa ki mennen total la nan 59,344. Yon repatisyon jewografik se konsa, dapre konte rezidans:

Konte	Nouvo Lanmò yo
Bronx	1
Nassau	4
New York	4
Onondaga	1
Queens	2
Richmond	1
Suffolk	7
Westchester	4
<b>Montan Total</b>	<b>24</b>

*Nòt Enpòtan: Koleksyon done HERDS ki soti nan etablisman swen sante yo aktyèlman pa obligatwa nan wikenn yo oswa nan jou konje yo. Sondaj la ap rekòmanse jodi a epi done etablisman/lanmò yo pral parèt nan rapò lendi a. Kantite ki gen yon asteriks anba yo te rapòte nan mèkredi 23 novanm.*

Yo ankouraje Nouyòkè k ap chèche pran randevou pou vaksen pou timoun ki gen 5-11 zan yo pou yo kontakte pedyat pitit yo a, doktè fanmi yo, depatman sante konte yo, Sant Sante ki Kalifye nan nivo Federal (Federally Qualified Health Centers, FQHCs) yo, sant sante riral yo, oswa famasi ki ka bay vaksen yo pou gwoup laj sa a. Paran yo ak gadyen yo ka vizite [vaccines.gov](https://www.vaccines.gov), voye mesaj tèks kòd postal yo nan 438829, oswa

rele [1-800-232-0233](tel:1-800-232-0233) pou jwenn lokal ki tou pre yo. Asire w ke founisè a ofri vaksen Pfizer-BioNTech COVID-19 la, paske lòt vaksen COVID-19 yo pa ko otorize pou gwoup laj sa a.

Vizite [sitwèb](#) nou an pou paran ak gadyen yo jwenn nouvo enfòmasyon, kesyon ak repons yo poze souvan yo, ak resous ki fèt espesyalman pou paran ak gadyen nan gwoup laj sa a.

Yon repatisyon jewografik Nouyòkè ki vaksinen ak pran dòz rapèl selon rejyon yo prezante konsa:

<b>Done Vaksinasyon Rejyonal yo dapre Lokal Founisè a</b>		
	<b>Moun ki pran tout seri vaksen yo</b>	<b>Moun ki ajou</b>
<b>Rejyon</b>	<b>Kimilatif Total</b>	<b>Kimilatif Total</b>
Capital Region	908,633	176,879
Central New York	614,588	113,387
Finger Lakes	829,196	184,590
Long Island	2,015,629	272,576
Mid-Hudson	1,562,613	250,522
Mohawk Valley	310,873	53,146
New York City	7,421,229	678,092
North Country	284,105	50,143
Southern Tier	418,368	80,707
Western New York	907,709	177,232
<b>Nan tout Eta a</b>	<b>15,272,943</b>	<b>2,037,274</b>

<b>Dòz rapèl/vaksen adisyonèl</b>		
<b>Rejyon</b>	<b>Kimilatif Total</b>	<b>Ogmantasyon pandan dènye 7 jou yo</b>
Capital Region	773,320	169,909
Central New York	513,350	108,084
Finger Lakes	813,087	179,200



Long Island	1,742,268	299,561
Mid-Hudson	1,416,140	275,023
Mohawk Valley	263,252	52,408
New York City	4,477,880	734,738
North Country	239,786	50,151
Southern Tier	365,150	77,368
Western New York	841,323	171,828
<b>Nan tout Eta a</b>	<b>11,445,556</b>	<b>2,118,270</b>

[Tablodò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19](#) (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la disponib pou mete Nouyòkè yo ajou sou distribisyon vaksen kont COVID-19 la. Depatman Sante Eta New York egzije pou enstalasyon vaksinasyon yo rapòte tout done administrasyon vaksen COVID-19 yo nan 24è oplita; y ap aktyalize done administrasyon vaksen ki sou tablodò a toulejou pou chif yo reflekte kontaj ki pi resan pou kanpay vaksinasyon Eta a. Depatman Sante Eta New York la rapòte ki done ki soti nan NYSIIS ak CIR diferan lejèman pa rapò ak done ki rapòte sou plan federal la, ki enkli dòz yo bay sou plan federal yo ak lòt ti diferans. Toulede chif yo enkli nan piblikasyon ki anlè la a.

Yo te mete ajou done vaksinasyon yo rapòte nan piblikasyon jodi a pou enkli pwodwi dòz rapèl bivalan yo ansanm ak nouvo definisyon pou "ajou". Ajou reprezante kantite total moun ki te swiv ak konplete tout vaksen COVID-19 yo, ki gen ladan dòz rapèl bivalan, jan sa apwopriye, dapre laj ak rekòmandasyon klinik yo. Ou ka jwenn enfòmasyon adisyonèl ak konplèmantè nan: [Orè Vaksinasyon COVID-19 nan yon Bat Je \(cdc.gov\)](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418